



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI ENSTALAYON ETA POU ESTOKE TWOUS KOLEKSYON PRÈV AGRESYON SEKSYÈL KE YO PA TE REMÈT BAY GAD FÒS LÒD YO

Estokaj ki sekirize bay sivivan agresyon seksyèl yo kapasite pou yo resevwa swen medikal, konsantman pou koleksyon prè ak tan pou yo decide si yo vle depoze yon rapò lapolis

Biwo Sèvis Viktim Eta a te etabli yon etablisman pou konfòme l ak lwa Eta a ki egzije pou yo estoke twous ki pa rapòte yo pou 20 ane apati dat koleksyon an

Gouvènè Hochul mande moniman istorik Eta yo pou yo limen ble, vèt ak violèt aswè 24 avril la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti yon etablisman Eta a pou twous koleksyon prèv agresyon seksyèl ke yo pa te remèt bay gad fòs lòd yo. Estokaj ki sekirize bay moun ke yo te atake seksyèlman yo kapasite pou yo resevwa swen medikal, konsantman pou koleksyon prèv legal ak tan pou yo decide si yo vle depoze yon rapò lapolis Biwo Sèvis Viktim Eta a te etabli yon etablisman pou konfòme l ak lwa Eta a ki egzije pou yo estoke twous ki pa rapòte yo pou 20 ane apati dat koleksyon an. Lopital Rejyon Kapital, Mohawk Valley ak lopital Rejyon Lwès New York yo se premye lopital ki fè sivivan yo konnen yo pral transfere twous yo epi kijan yo ka retrase yo. Lopital nan rès rejyon eta yo pral swiv pwosesis sa a nan mwa kap vini yo.

"Eta New York rete angaje pou sipòte sivivan agresyon seksyèl yo nan tout fason posib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo etablisman Eta sa a pral yon zouti enpòtan pou ede bay sipò ak jistis, pandan l ap bay yon fondasyon solid pou viktim yo geri epi soulaje kèk nan presyon yo ka santi nan sa ki gen pou wè ak delè legal yo."

"Etablisman sa a pral bay sivivan yo opòtinite pou yo trete sa ki te pase a epi pran desizyon pou avni yo selon kondisyon pa yo", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Nou pran angajman pou sipòte sivivan yo epi asire yo gen resous, sipò, ak yon seri sèvis konplè ak opsyon ki disponib pou yo pandan y ap kòmanse pwosesis rekiperasyon an. Sa a se yon gwo etap pou devan pou New York ak pou dwa sivivan yo."

Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare, "Aksè ak swen medikal alè apre yon agresyon seksyèl enpòtan anpil. Li pèmèt yon moun chèche tretman ak medikaman, ak lòt sèvis ak sipò ki ka ede yo decide si y ap rapòte ou pa ensidan an bay lapolis. Si yo pako pare pou enplike sistèm jistis kriminèl la, prezève prèv legal ak lòt prèv ogmante opsyon yo tou, epi estokaj twous ki sekirize pèmèt yo gen tan ak espas pou decide pwochen etap ki pi bon pou yo."

Direktè Cronin te rejwenn kòlèg ajans eta yo, pwofesyonèl medikal yo, defansè viktim yo, fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl nan Albany Medical Center (Sant Medikal Albany) maten an pou diskite sou operasyon etablisman an epi pou edike sivivan yo ke lopital yo dwe fè yon efò konsètè pou kontakte yo anvan yo transfere twous yo. Notifikasyon sa a pèmèt moun yo decide si yo transfere twous yo nan etablisman an, notifie fòs lòd yo konsènan ensidan an, oswa si yo dakò pou yo jete twous yo. Lopital yo atravè eta a gen apeprè 10,000 twous nan depo.

Sitiye nan Rejyon Kapital la, etablisman an sekirize, klimatikman kontwole epi li fèt pou asire entegrite prèv potansyèl yo. Li te kòmanse aksepte twous nan mitan mwa janvye 2023 epi jiskaprezan, Albany Medical Center ak Glens Falls Hospital, toulède se manm Albany Med Health System (Sistèm Sante Medikal Albany), te transfere 525 atik bay etablisman an: 277 twous pou koleksyon prèv agresyon seksyèl, 83 twous agresyon seksyèl ki fasilite pa dwòg ak 165 lòt atik tankou rad ak dra. Kapasite aktyèl etablisman an se 17,400 atik epi yo pral ogmante a 26,600 atik yon fwa renovasyon yon dezyèm paviyon pou estokaj fini.

Anvan yo voye twous nan etablisman an, anplwaye lopital yo dwe resevwa fòmasyon sou sistèm elektwonik lan pou anrejistreman ak retrae twous ak lòt atik, ak pòsyon notifikasyon viktim lan nan sistèm nan. Anplwaye Biwo Sèvis Viktim yo ap entegre kounye a anplwaye lopital yo nan Rejyon Kapital la, Mohawk Valley ak Lwès New York pou yo ka transfere twous ak lòt atik nan etablisman an epi notifie sivivan yo. Anplwaye lopital nan New York Santral, Long Island ak North Country pwograme pou resevwa fòmasyon an nan mwa me. Biwo Sèvis Viktim yo pral fòme anplwaye lopital yo nan Vil New York nan mwa out, epi yo pral fòme anplwaye lopital yo nan Finger Lakes, Mid-Hudson ak Southern Tier nan mwa novanm nan.

Gouvènè Hochul te mande tou pou moniman istorik Eta yo pou yo limen ble, vèt ak violèt aswè 24 avril la, an rekonesans ak Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim (National Crime Victims' Rights Week) yo epi pou onore viktim yo ak sivivan yo epi rekonèt pwofesyonèl ki sipòte yo:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la

- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta yo - Pòtay Prensipal & Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Eta New York kontinye ap dirije sèvis viktim yo ak sekirite piblik la. Mwen fyè de travay ekip mwen an ki ede asire pwofesyonèl medikal yo gen resous ak fòmasyon pou bay moun ki nan bezwen yo bon jan kalite swen ki gen konpasyon. Pwojè enpòtan sa yo bay sivivan yo kapasite pou yo pran desizyon ki bon pou yo, epi pèmèt yo rete enfòmè kèlkeswa si yo chwazi angaje yo ou pa ak sistèm jistis kriminèl la."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Li tèlman enpòtan pou sivivan yo resewva tan, konpasyon ak sipò emosyonèl yo bezwen pou yo geri anba evènman ki lakoz twomatiz ki ka afekte chak aspè nan lavi yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li sou pwoblèm sa a, epi mwen felisite Biwo Sèvis Viktim lan pou travay y ap fè pou fè sivivan yo santi yo an sekirite epi yo tande yo."

Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta New York, Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Enpòtans etablisman sa a pa ka estime twòp. Sivivan agresyon seksyèl yo gen dwa pou chèche swen medikal imedyat, epi yo dwe bay tou tan ak espas ki nesèsè pou deside kijan pou yo avanse apre yon eksperyans ki bay twomatiz konsa. Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) kanpe fèm ak sivivan yo nan sipèviz 28 ajans kominotè kont vyolans domestik ki sètifye defwa kòm pwogram kriz kont vyòl, epi nou fyè dèske yo bay èd nan yon moman kote yo pi bezwen li. Nou pa kapab remèsye OVS ase dèske li te pran mezi ki solid epi ki tanjib pou fè sivivan yo konnen nou p ap janm sispann sipòte byennèt fizik ak emosyonèl yo."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la, Kelli Owens, te deklare, "Anpil sivivan pa divilge agresyon seksyèl yo jiskaske anpil ane apre agresyon an te fèt. Estokaj SOECK yo ki an sekirite pèmèt sivivan yo gen enfòmasyon ak tan yo bezwen pou deside si yo vle rapòte bay fòs lòd yo, pandan y ap resewva swen fizik ak mantal yo bezwen. OPDV ta renmen rekonèt angajman OVS anvè viktim yo epi li pa ka tann patenarya kontinyèl nou an pou fè mesaj la soti epi pou bay edikasyon sou pwosesis estokaj twous la."

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "Twò souvan, anplè yon agresyon seksyèl ka kite yon sivivan kesyone pi bon chemen li dwe pran nan jou, mwa, epi pafwa menm ane ki vini apre yo. Etablisman sa a bay yon estokaj ki an sekirite, santralize pou twous agresyon seksyèl yo dwe byen

estoke, sa k ap bay sivivan yo tan pou yo trete eprè yo epi pou decide si y ap enplike fòs lòd yo. Pandan n ap make Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim yo, etablisman sa a se yon bèl egzàn pou fason Eta New York ak Biwo Sèvis Viktim yo ap mete bezwen sivivan yo an premye epi asire yo gen resous pou ede yo nan rekipèrasyon yo."

Ilse Knecht, Direktris Politik ak Defans nan Joyful Heart Foundation, te deklare, "Sivivan agresyon seksyèl yo, kèlkeswa chemen rapò yo pran, merite pou yo gen aksè ak enfòmasyon sou twous yo a epi yo bezwen gen konfyans ke yo estoke li an sekirite. Rechèch 2016 nou an, [Navigasyon nan Notifikasyon](#) (Navigating Notification), te jwenn ke sivivan yo santi yo byen apwopriye ak materyèl yo kolekte yo pandan egzamen yo epi ke gen enfòmasyon konstan sou demann sou estati twous yo a ka sipòte sivivan yo nan pwosesis gerizon yo. Nouvo etablisman sa a, ki inik nan peyi a, se yon etap enpòtan pou New York nan kreye yon sistèm ki pran an konsiderasyon twomatiz, ki fè bezwen sivivan yo, ak gerizon yo, vin yon priyorite."

Manadjè Pwogram Divizyon Medsin Legal la nan Albany Medical Center, Kaylin Dawson R.N., te deklare, "Depatman ijans Albany Medical Center a gen anplwaye 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pa egzaminatè legal pou agresyon seksyèl ki resevwa fòmasyon espesyal pou trete pasyan ki te agrese seksyèlman ak pou kolekte prè yo ki ka ede nan kondanasyon. Gras an pati a prè nou te kolekte yo, pasyan yo gen opsyon apre yo fin resevwa swen medikal, ki gen ladan opsyon pou pouswiv akizasyon yo atravè sistèm jistis la. Nou rekonesan anvè Biwo Sèvis Viktim lan pou efò yo fè pou ogmante kantite tan pasyan nou yo genyen pou pran desizyon sa ki trè difisil ak pèsònèl ak pou ede nou delivre mesaj enpòtan sa a bay pasyan nou yo."

Egzaminatè Enfimyè Agresyon Seksyèl nan Glens Falls Hospital, Nadia Giumarra R.N., te deklare, "Prè yo kolekte ak anpil atansyon pa egzaminatè legal nou yo ki resevwa fòmasyon espesyal, ki gen konpasyon, mande swen ak manipilasyon apwopriye pou kenbe entegrite kontni li. Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la Nou felisite Biwo Sèvis Viktim Eta New York la paske li kreye yon etablisman kote yo ka konsève twous prè pasyan nou yo san danje, an sekirite, aepi yon fason efikas. Pwosesis sa a pral ede asire ke tout sivivan agresyon seksyèl yo nan Glens Falls Hospital ak atravè Eta New York yo jwenn tan ak kontwòl pou yo pran pi bon desizyon pou tèt yo."

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta a bay Twous Koleksyon Prè Agresyon Seksyèl, ak Twous Agresyon Seksyèl ki Fasilite pa Dwòg, gratis bay lopital yo ak enstalasyon medikal yo. DCJS, an patenarya ak yon ekip pwofesyonèl miltidisiplinè, fèk mete ajou twous yo pou rasyonnalize pwosesis koleksyon prè yo, rann li mwens envazif epi pwolonje delè pou jwenn prè legal soti 96 èdtan rive 120 èdtan. [DCJS dwe etabli yon sistèm elektwonik tou ki pral pèmèt sivivan yo swiv twous yo](#) apati pwen an fòsman lalwa yo kolekte yo epi apre y ap voye yo nan yon laboratwa krim pou fè tès yo. Yo prevwa sistèm sa a sipoze fonksyone konplètman an 2025.

Biwo Sèvis pou Viktim [dirèkteman ranbouse founisè medikal yo pou depans pou yon egzamen medikolegal pou vyòl \(forensic rape examinations, FRE\)](#) si yon moun pa gen asirans sante prive oswa li chwazi pa itilize asirans sante prive yo pou egzamen an. Mezi sa a se yon eksepsyon ak règ peyè dènve rekou ajans lan epi li pwoteje vi prive viktim yo. Biwo Sèvis pou Viktim lan aksepte tou reklamasyon FRE olye rapò lapolis yo, ki pèmèt moun yo chèche asistans finansye ak ranbousman nan men OVS pou lòt depans ki gen rapò ak krim nan.

OVS lan finanse ak sipòte 239 pwogram asistans pou viktim nan tout eta a ki bay sèvis esansyèl, tankou konsèy pou kriz, gwoup sipò, jesyon ka,abri ijans, èd legal sivil ak asistans pou demenajman, pami lòt asistans, pou viktim yo ak sivivan agresyon seksyèl ak lòt krim, ak fanmi yo. Moun yo ka vizite [ovs.ny.gov/connect](https://www.ovs.ny.gov/connect) pou jwenn pwogram sa yo, ki bay sèvis gratis epi kèlkeswa si yon moun te rapòte krim lan bay lapolis. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl Eta New York la (New York State's Domestic and Sexual Violence Hotline) disponib tou pou sipò konfidansyèl ak defans 24/7: 800-942-6906 (vokal), 844-997-2121 (tèsk) ak [opdv.ny.gov](https://www.opdv.ny.gov) (tchat).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)